



Konprann bòdwo FPL ou a



Konprann bòdwo w la

- » Kantite kòb ki sou bòdwo w depann de kantite kouran w konsome nan yon mwa an kilowat/èdtan (kWh). Se kontè elektrik ou ki mezire konsomasyon sa a.
- » Si w gen yon kontè entelijan ki aktive, n ap ka li kontè a chak mwa otomatikman san nou pa bezwen deplase.
- » Si kontè entelijan w lan pa aktive, oswa si se yon kontè mekanik nòmal ou genyen, FPL pral voye yon anplwaye pou li kontè a chak mwa. Si FPL pa gen aksè ak kontè a, n ap voye w yon bòdwo ki estime. Estimasyon sa a ap depann de kouran w te konsome nan mwa pase yo nan adrès sa a.
- » An jeneral, FPL voye yon bòdwo ba w selon kantite kouran w itilize nan yon peryòd 30 jou.
- » Ou gen 21 jou, oswa twa semèn, pou peye bòdwo a.
- » Si w pa peye bòdwo a anvan dat limit la, FPL voye w yon avi final kote w resevwa omwen senk jou biznis anplis pou peye.



Konprann depo w la

- » Etandone tout kliyan yo resevwa yon bòdwo apre yo fin konsome kouran an, nou gendwa mande moun k ap ouvri yon nouvo kont pou yo peye yon kòb kòm depo garanti selon kantite kouran nou panse yo gendwa konsome pandan de mwa nan adrès la.
- » Si w konsome plis kouran an mwayèn pase sa nou te panse okòmansman an, nou gendwa ogmante depo a pou l ka kouvri montan mwayen pou de mwa.
- » Apre sis mwa, w ap touche de pousan enterè sou depo w la apati moman w fin peye depo a antou. N ap ba w yon kredi pou enterè sa a sou kont ou chak ane.
- » N ap remèt ou depo a ak enterè w poko touche a apre 23 mwa sèvis, depi w te peye tout bòdwo w yo alè nan 12 dènye mwa yo, oswa apre w fèmen kont ou.
- » Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **FPL.com/deposit**.



Pwogram garanti a (Guarantee/Guarantor Program)

- » Pwogram garanti a disponib nan plas yon depo lajan kòm garanti.
- » Yon kliyan ki mande pwogram sa a se "guarantee" nou rele l, oswa moun ki resevwa garanti a.
- » Pou li kalifye, moun sa a ka mande yon manm fanmi l oswa yon zanmi l patisipe. Fanmi sa a oswa zanmi sa a se "guarantor" li ye, oswa moun k ap bay garanti a e ki aksepte peye yon kòb kòm sekirite pou sizoka moun ki resevwa garanti a pa peye sa li dwe a.
- » Moun k ap bay garanti a dwe ranpli yon seri kondisyon epi li dwe siyen yon kontra ak moun ki resevwa garanti a.
- » Kontakte Sant sèvis kliyan FPL nan **800-226-3545** pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram garanti a.

Èske w te konn sa?

- » Kliyan yo ekonomize sou premye 1,000 kilowat/èdtan yo itilize. Se yon rekonpans pou kliyan ki pa gen anpil moun nan fwaye yo ak kliyan ki ekonomize kouran.
- » Gen anviwon 2.5 milyon kliyan ki resevwa bòdwo yo nan fòm elektwonik. Si w gen yon adrès imèl ki aktif, ou ka mande sa tou. Lè w enskri nan pwogram pou w resevwa bòdwo FPL la pa imèl (FPL Email Bill)®, w ap resevwa menm enfòmasyon sou bòdwo w ak menm bilten w konn resevwa kounye a pa lapòs, epi w ap resevwa rapèl pou dat peman an nan imèl tou. Mete sou sa, w ap gen aksè ak kont ou 24 sou 24, 7 sou 7. Pou jwenn plis enfòmasyon e pou enskri jodi a, ale sou **FPL.com/ebill**.

